This e-book was digitized from an original copy by the West African Research Association for the African Language Materials Archive (ALMA) project. Original funding for this project was provided by UNESCO and the Council of American Overseas Research Centers (CAORC) in cooperation with the West African Research Association and Columbia University.

Please see the following web sites for more information about the ALMA project, contributing authors, and more titles in the series.

- Digital Library for International Research catalog: http://catalog.crl.edu/search~S16
- African Language Materials Archive (ALMA): http://www.dlir.org/e-books.html
- African language materials including interviews in video and PDF versions, documentary video, translation work, and bibliographies can be viewed at http://alma.matrix.msu.edu.

# FEYYEEKUG LËG SEEN

*Sellug teen yi*



Xale di dimbale xale

EDICEF

# Feyyeekug Lëg-Seen

**SELLUG TEEN YI**

*Dr Iwon Moren*

*Ak Mbootaayu xale di dimbale xale*

*Nataali Dominik Garo*

*EDICEF*

Yeen xarit yi sopp njàng,

"Feyyeekug Lëg-Seen", léeb la wu nu jagleel képp ku sopp léeb.

Képp ku ko jàng, dina ci am mbégte, ta dina ci xam ni ñuy aaree teen, ba ndoxam sell. Dina mën a nekk yit, di nettali léeb wi, bu nekkee ciy rakkam, ak ay magam ak yit ay dëkkandoom. Daldi far nekk ndaw luy xamle, ci wér-gi-yaram.

Ndongo yi dëkk ci réew yu néew doole yi, ñoo gën a tax nu bind léeb wi. Ndax ci yooyu réew, di fexe bay am ndox mu sell bés bu jot, nekk na seen yité. Wànte yit léeb wi, bind nanu ko, ngir ndongo yi dëkk ci réew yu oomle yi. Ngir ñoom, ñu gën a xam, jafe-jafe yi seeni moroom yi nekke ci addina si, di am, ta mat ay milyoŋ. Ñoom it dinañu xamaale ne, ci seen réew yu oomle yi sax, war nañuy aar ndox mi.

Wàll wi mujj ci téere bi, tegtal la guy yombal am njàngale. Nu jagleel ko jàngalekat yi. Njaboot yeek dëkkando yu magaale yi, ñoom it, mën nañu koo jëfandikóo. Tegtal yuy xiir ndongo yi ci yëngatu la téere bi làmboo. Ndongo yi dinañu gën a mën, ci lu gën a gaaw, li ñuy jàng. Daldi mën a jëfandikoo ci saa si seen xam-xam bi ñu jàng.


*L'édition originale a paru en français dans la série d'EDICEF,*
*Institut Santé et Développement, Collection "L'ENFANT POUR L' ENFANT", sous le titre:*
*La revanche de Sonko-le-lièvre; l' Hygiène des Puits*
*© 1992, EDICEF*
*Édition wolof (publiée avec la permission d'EDICEF*
*éditions classiques d'expression française, 58, rue Jean-Bleuzen, 92178 Vanves Cedex France)*
*©1997 Louise Maranz*
*La Société Internationale de Linguistique*
*B.P. 2075*
*Dakar, Sénégal*
*Traduit du français en wolof par Momar Touré.*

Tey tangaay wu metti wiy jóge penku, nekk na di gën a wowal déeg yi, di furil der yi.
Tax na yit Bukki mar lool. Bukki mar na ba nekk di wëndaalu, di wër fu ndox am.
Xamoon na benn dëkk bu am sayaan, nit ñi di ca dugg di root. Bukki jëm ca, nekk di dox, ba jege dëkk bi.



Wànte xaj yi ci dëkk bi, nekk nañu di bów. Dañu doon noppalu, xetu Bukki, gu xasaw gi yee leen. Di xet gu gën a xasaw xetu sikket.
Bukki dellu na gannaaw ngir uti feneen.

Bukki nekkaat na di wër lu yàgg, soog di gis ndox. Ci biir sayaan mu xóot. Sayaan mi, amul pind, kenn rootseetu ci, nekk ci àll bi. Bukki yër na sayaan mi. Wànte, bi mu yëré sayaan mi Bukki rët na. Boppam la gis ci ndox mi, foog ne beneen Bukki moo nekk ci biir sayaan mi.
Kawari doq gi jóg taxaw. Bukki siiñ sell yi, daldi xàqëtaay.
Bi mu xàqëtaayee, Bukki bi ci biir teen bi, daldi xáqëtay moom it. Bukki xiiru ko, Bukki bi ci teen bi yit daldi xiiru, xiiru gu gën a xumb.



Waay! xanaa kii dafa dof? Bukki xonqal na gët yi, ndax mer, daldi sóobu ci biir teen bi, fas-yéenee rendi noon bi ci biir.
Wànte bi mu sooboo ci biir teen bi, Bukki mënatul a génn.
Nekk na ci biir teen bi ay fan, di liw, taxaw ci ndox mi, di lox.
Bukki jaaxle na. Wànte Bukki am na lu mu seen, Yàlla baax na.
Mustaas yi mu séen ci kow, sàllaaw mustaasi Lëg-Seen lañu.

Bukki ñaan na Lëg ndimbal. Wànte, Lëg reetaan na ko, ne ko:
<<Boo demee, nuyyul ma waa àllaaxira.>> Daldi na nar a dem.
Bukki woo ko, ne ko:
<<Dimbale ma! Boo ma dimbale, nu bokk sayaan mi maak yow!>>
Lëg nee na tekk, seet xelam.
Bukki ne ko: <<Waat naa ko! dig naa la ko, sallaaw! Boo bëggee sax suba, nu ànd ca pitax ngir waat.>>
Lëg-Seen wóoluwul. Ndax Bukki, workat ak fenkat la mës di doon.



Wànte Lëg xelam dem na ca soxnaam. Wol, taxan ak root sonnal nañu ko. Root sax a ko gën a sonnal.
Lëg ne ko: <<Nangu naa!>> Daldi ko yoor ab buum, génne ko teen bi.

Ci ëllëg si, Bukkeek Lëg ñëw nañu kër Pitax, daldi waat.
Góor-gi-Pitax, mag mu baax la. Nee na leen; <<Waawleen góor...Lu kenn mën, ñaar a ko ko dàq. Kon ànd leen liggéey, doom!>>
Waat nañu ne dinañu defar teen bi, ba mu mel na mu war a mel, ñu bokk di ko jëriñoo.



Moo tax Bukkeek Lëg door nañu liggéey bi. Lëg-Seen mi baaxoo gas, nekk na kiy wàqi biir teen bi.
Bukk nekk kiy defar pañe yiy génne suuf si.
Ñaari fan lañu liggéey, sayaan mi daldi set wecc, ba amatul benn botoxo.


Ci ñetteeli fan defaral nañu teen bi pind. Lëg ne:
<<Pind, nekk na lu nuy aar ci jàngoroy sunguf. Sunguf, di jàngoro ju waa kow giy jële ci ndoxum sayaan, walla mu déeg mi ñuy naan. Ñu nekk ay sax, yuy génn ci tànk.
Pind dina tax it baag bi ñuy rootee, du buubu ci suuf. Dina tere tilim dugg ci biir teen. Dina tere yit xale daanu ci biir...>>



Ngir kaf Lëg nee na: <<Pind bi dina tere yit Bukki-Njuur daanu ci biir teen bi>>
Kaf googu nag neexul Bukki. Ndax ba mu nekkee ci biir teen bi la ko fàttali.
Tax sax Bukki ndekete am na lu mu nar. Am na lu mu nar a def Lëg, ngir feyyu. Ndax Lëg daal yaakaar na ne moo gën a muus ci rab yi.

Ci ñeenteeli fan, Bukkeek Lëg defaral nañu teen bi ab dal, ci suuf. Dal bu am ñaari meetar, ci yaatuwaay. Ngir ndox yu bon yiy wal, duñu mën a dugg ci biir teen bi.

Lëg daldi xalaat ne: <<Nañu def "tërëy" ci teen bi ta bañ cee def "poli."Tërëy bu am "maniwel" moo gën a néew coono. Ta buum gi du laal suuf. Kon moo gën a set.>>




Lëg daldi na dog garab jox kob tëgg. Tëgg bi bëtt kook maniwel.
Ci juroomeeli fan, liggéeyub tërëy daldi sotti. Ñu daldi ut deru béy, def ko baag, utal ko buum.

Ci juróom benneeli fan, Bukkeek Lëg ut nañu laso, def ci teen bi, ngir ndox mi mucc ci ayib.
Bi ñu noppee ci teen bi, ut nañu pàkk, ruuj ko, jëmbët salaat, jëmbët tamaate, nar leen di suuxat ak ndoxu teen bi.



Ci juróom-ñaareeli fan, Lëg daldi dem. ngir jëli soxnaam ak njabootam gu bari.




Wànte bi Lëg dellusee, fekk na Bukki ñag teen bi. Bukki wërale na teen beek ñag bu dëgër, nekk di tere ku dugg ci biir. Di wone doole. Ndaw mbetteel ci Lëg!

Bukki bég na ci mbetteel gi Lëg am. Nee na: <<Laa ko: <<Ndaw sa ma doon nobaan laa nar a takk. Moo tax daal, ma xam ne ñaari njaboot duñu mën a bokk genn kër gu tuuti.>>

Lëg gis na ne Bukki wor na. Daldi na dellu ànd ak mer. Wànte sàllaaw Lëg dina fey bor Bukki. Dina ko fey ba wis ko.

Ta Lëg nee na ci teen bi la koy feyee bor.

Lëg dem na, ba am ab diir, dellusi.

Def na mel ne ku fàtte meram, ñëw seetsi Bukki. Wànte Lëg dafa doon seet, ndax ndaw si Bukki doon wax, sëysi na walla déet.

Gis na ne, ndaw si sëysi na. Sëysi na ba sax dafa ëmb fi mu nekk.





Ci ngoon si, bi weer wi génnee, Lëg Njomboor dajale na xaritam yi ci àll bi yépp.

Népp ñëw nañu, ngir wuyyusi Lëg: mbaam-àll, kéwel, bar, kaña.

Bànjooli, tan, sarwet ak ñeneen ak ñeneen. Bi ñepp ñëwee, Lëg xibaar na leen ni ko Bukki woree.

Ñoom ñépp ànd nañu ŋàññ Bukki, ta nangu nañoo jàppale Lëg, ci li mu nar a def Bukki mu bon mi.

Ñépp nangu nañoo jàppale Lëg, ba mu des Muus. Ndax palaŋ bi Lëg tëral muus mëenu cee bokk. Muus, dafa baaxoo di suul saa su nekk, ay gaanuwaayam. Ta Lëg dafa bëgg népp di dem di gaanuwaayu ca tool Bukki. Kenn bañatee dem àll ba, ngir gaanuwaayu.



Moo tax tey ci suba, bi Bukki ñëwee toolam, fekk na ci biir salaat si xeeti gaanuwaayu yu nekk. Wànte taxul mu mer.



Bukki sax dafa sopp xet gu xasaw.

Kon kay gaanuwaayu yi xéewal la. Dinañu gën a naatal tool bi, ta kon xiif du am.

Ndax njaboot gi gën naa bari.

Wànte bi gaanuwaayu yi gënee bari, mbégteem Bukki gaaw naa ruus ndax weñ yu bari.
Ndaw weñ yu bari ci kër Bukki! Weñ yaa ngiy naaw di dem di dikk. Di dal ca gaanuwaayu ya ca tool ba, di ñëw ci waañ wi, di dal ci këlli soow yi. Lëjël nañu witt jabaru Bukkeek doom yi. Kenn amatul jàmm.
Bukki sax mënatula nelaw bëccëg ndax weñ.




Lëg-Njomboor bég na. Palaŋ bi mu lal ngi fewwu aw na yoon.
Kon nag jublu ci beneen musiba jot na.

Lëg wootewaat na ndaje.

Nee na: <<Bukki-Njuur, sonn na lool. Kon defar sutura ci dëkk bi, dina nekk ndimbal ci moom.

Xariti Lëg yi àndaat nañu ci meneen pexe moomu.

Lëg fexe na ba Bukki joxe pàkk bi nekk ci kow tund wi, tiim néegam.



Daldi gaawtu gas pax mu xóot, ngir mu doon sutura.

Defar na sutura ci lu yées fukki fan ta soriwul teen bi lu mat fukki meetar.

Ngir daloo sutura si, tax na sabar yi jiin ngir woote ndaje.
Sab yépp ñëw nañu.




Mbir mi nekk na xew wu mag. Lekk nañu, fecc nañu.

Am na ñu jël kàddu ngir waxtaane mbaaxaayu sutura cib dëkk.
Genn séq gu màggat, gu biiram di daw, njëkk naa daloo sutura si. Bi mu génne, ab sikket dugg, moom it biiram day daw.




Rab yi far nañu toppante; di dugg ak di génn. Bukki njuur sax dugg na, gaanuwaayu.

Bi ñu toogee ba am fukki fan, Lëg am li mu bëggoon. Ndeete dugg na kër Bukki. Biir yuy daw tax na ñépp dee. Bukki ci boppam sax xaw naa dee.Céy Àddina! Bukki xamatul lu muy def. Gët yi xonq. Mu nekk di wër ba dajeek Naat.



Naat boroom xam-xam, bi ci bopp bu leel bi ta tàcc, la dajeel. Naat nekk na di xamal Bukki. Nee na ko: Musiba mi la dal, Lëg moo la ko teg. Moo rey sa jabar, rey say doom. Ndax moo tax ba seeni biir daw. Moo defar sutura, ci sa wetu teen; séq ak sikket daldi ca gaanuwaayu, yàq ndoxum teen ba.
Bukki ne ko: <<Mukk! Lëg kay mësul jege suma teen.>>

Wànte Naat nee na ko: << Wax nga dëkk! Lëg kay mësul jege sa teen ngir sànni ca "poson". Gasul pax yit ngir jot ndox ma. Dafa fexe ba Bukki joxe pakkam mu def ca sutura. Ca sutura soosa Lëg defar la musiba mi jóge. Lëg a tey li mu def ngir fewwu.>>



Naat nekk na di xamal Bukki. Nee na ko: Defar sutura dafa am yoon. Sutura war naa sori teen ci lu ëpp fanweeri meetar. Ta Lëg-Seen moom xamoon na loolu. Xamoon na ne bu sutura soriwul teen, gaanuwaayu yi dinañu yàq ndox ma.
Xamoon na ne ség ak sikket, seen biir doon daw, dinañu yàq teenu Bukki.

Noonu la Lëg faatee waa kër Bukki.
Dëgg-dëgg Lëg-Seen, mooy rab wi gën a muus ci rab yi.



Bukki déglootul Naat. Bëggatul a déglu.
Fëx na nekk di daw. Ni mu fëxe nag tax na Naat di ree, di ree ba daanu ci suuf.

# Fàttalikul ne

1. Ndoxum teen baax na ci wér-gi-yaram, bu nekkee ndox mu sell.

2- Ngir bañ ndoxam yàqu, ab teen dañu koy defar:
  - Defaral ko pind ak kubéer
  - Defaral ko dalu simoŋ, ci suuf, ndax wet yi set.
  - Def ci poli wàlla tërëy walla li gën, muy pomp.
  - Utal ko baag bu set ta du laal suuf.
  - Ñag ko, ba jur gi du ñu ko mën a yàq.

3. Bu ñuy gas sutura, na nekk fu sori, dànd teen bi lu mat fanweeri meetar, mbaa lu ko ëpp.

4. Njàngoroy biir yuy daw, faral nañuy jógé ci ndoxu teen mu sellul. Ndox mi, mën naa yàqqoo ca biir teen ba, walla ca ba ñu koy root, walla ca ba ñu koy yóbbu, walla bu ñu ko yóbboo ba def ko ca ndaa ya.

